ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№128 (23.786) ● 2018 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ШынагъуэншагъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ и органхэм я унафэщІхэм я советым и зэІущІэр Налшык щекІуэкІащ. Абы хэтащ Матовников Александррэ КІуэкІуэ Казбекрэ

Дыгъуасэ Налшык щекІуэкІащ ШынагъуэншагъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм Кавказ Ищхъэрэм щыІэ и органхэм я унафэщІхэм я советым и зэІущІэр. Абы хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Матовников Александррэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ.

ЗЭІУЩІЭМ щІидзэным ипэ къихуэу абы хэтахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ «ЩІыхьым и мыужьыхьыж мафІэм», Совет Союзым и ЛІыхъужьхэмрэ ЩІыхь орденым и нагъыщІэ псори зратахэмрэ я фэеплъым, Керчь къыщыхъуа гуэзвэгъуэм хиубыдэу илъэс 400-м и щІыхькІэ Налшык щыІэ утым къыщыІэзрагъэпэща мемориалым.

ЗэІущІэм къэкІуахэм фІэхъус псалъэхэмкІэ захуигъэзащ Матовников Александр.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр зэІущІэр щрагъэкІуэкІын папщІэ кьыззрыхахам кьыхэкІыу ШынагъуэншагъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІхэм фЫщІэ яхуищІащ икІи кьыхигъэщащ республикэм шынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщыным ФСБ-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм куэд зэрыхащІыхьар.

Москва лэжьыгъэ Іуэхукіэ щызэхуэзащ УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Голодец Ольгэрэ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ республикэм щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщІэгъэужьыныкІэ хэкІыпІэхэм, УФ-м и Президентым «2024 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм зегъэужьыным пыщІа лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхухэмрэ кьыдигъэкІа указыщІэм ипкъ иткІэ ягъэхьэзыра «ЩэнхабзэФ» лъэпкъ проектым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зэрыхэтым.

Апхуэдэу къалэтащ ди щІыналъэм и турист-рекреацэ комплексым зыщІэгъэкуэным екъэлІа Іуэхухэри.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Керчь къыщыхъуа гуэзвэгъуэм къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрри мэщыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр мэщыгъуэ Керчь къалэм къыщыхъуа гуэзвэгъуэм къыхэкІыу. Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я щІыхубэр зэрызэкъуэувэрэ илъэс 400 щрикъуам и щІэр зезыхьэ утым абы екъэлІауэ щІыхуищэхэр щызэблокІ. Гуэзвэгъуэм теухуауэ къызэІуаха мемориалым деж удз гъэгъахэр щагъэтІылъ.

КІУЭКІУЭ Казбек ресубликэм исхэм я щІэкІэ, езым къыбгъэдэкІыу а гуэзвэгъуэшхуэм хэкІуэдахэм я Іыхьлыхьмрэ я благъэхэмрэ яхуэгуэзващ икІи фэбжь зыгъуэтахэм сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъуну ди щІыналъэр зэрыхьэзырыр жиІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и Парламентым

Бечелов Ильяс

Жылагъуэ советым и унафэщІу хах

КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым япэ зэІущІэр иригъэкІуэкІащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ жиІащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ кІэлъыплъынигъэм и Іуэхукіэ» Хабзэм ипкъ иткІэ, КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и положенэр зэраубыхуар.

- Советым хьыкащ цІыхубэм пщІэ щызиІэ, ехьулІэныгъэхэр къагъэлъагъуэу Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылэжьаехэр. Шэч хэмылъу, дэтхэнэми и зэфІэкІыр дэІэпыкъуэгъушхуэ Парламентым къыхуэхъунущ икІи дыщогугъ депутатхэм жыджэру фадэлэжьэну, - къыхигъэщащ Егоровэм. Ар Жылагъуэ советым хагъэхьахэм ехъуэхъуащ икІи лэжьыгъэ купщІафІэ къехъулІэну зэриГуапэр яжриІащ.

Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым и V зэхуэсым зэфІигъэкІахэмрэ нэхъыщхьэу зэлэжьхэмрэ. Апхуэдэуи Жылагъуэ советым и къалэнхэмрэ мурад нэхъыщхьэхэмрэ къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ.

ЗэІущІэм псори зэдзарэзыуэ Жылагъуэ советым и унафэщІу Бечелов Ильяс щыхахащ. Ар нэхъ ипэкІэ палатитІ зиІэ Парламентым и ІІ зэхуэсым и зы палатэм и унафэщІу щытащ, иужькІэ Парламентым и ІІІ зэхуэсым и тхьэмадзу лэжьащ. Къищынэмыщ1ауэ, ар хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым.

Бечелов Ильяс дзыхь кьыззэрыгъэзам папщІэ псоми фЫщІэ яхуищІащ икІи дыщІигъуащ Іуэхушхуэхэр кьаззэрыпэщыпІыр, Парламентыр граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ, жылагъуэ кІэлъыплъынигъэр егъэкІуэкІынымкІэ ахэр щІэгъэкъуэн зэрыхьунур.

КъБР-м и Жылагъуэ советым и унафэщым и къуэдзэу хахащ Сыжажэ Валерийрэ Михайленкэ Ольгэрэ.

Жылагъуэ советыр зэман гъунэгъум зэлэжьныхэр зэІущІэм щаубзыхуащ.

БАТЫР Любэ.

● Узыншагъэ

Пыхусыхум фыхуэсакъ!

Пыхусыхум ехьэлІа вакцинацэр ди республикэм и щІыналъэ псоми щокІуэкІ.

СПИД-мрэ уз зэрыщІалэхэмрэ пэщІэтынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Иуан Маринэ къыздэжиІамкІэ, нэгъуэщІ къэралыгъуэхэм щагъэхьэзыра вакцинэ щыІэнукъым, цІыхур зыщыгугъын хуэйр Урысейм и хъущхьэхэрщ. Зэман ипэкІэ Франджым къыщыщІагъэкІа «Ваксигрипп»-м хуэдэу ди къэралым кърашар мин 200 къудейти, ар псынщІэу ящащ. Абы и пІэм Урысейм и «Ультрикс» вакцинэр кьиуващ.

«Мы Іуэхумкіэ дызыпыщІауэ щыт къэралхэм, зэрыгурыІуэгъэщи, фейдэ лъэпкъ ямыІэу кьалъытащ. Абы кьыхьхьэжащ иджыпсту щыІэ санкцэхэри, ауэ ди вакцинэхэр абыхэм ейхэм нэхъри зыкІи нэхъ лейкъым. ЦІыхум я узыншагъэр хьумэнымкІэ дунейпсо организацэм и нэІэм щІэту пыхусыху вирусым и антигенхэм илъэс къэс захъуэж икІи ахэр дэни щызэхуэдэщ, зэрызэщъхьэщыкІышхуэ щымыІэу. Вакцинэр зыхеегъэІун хуейщ иджы къыщыщІэдзауэ щэкІуэгъуэ мазэр иухыху», - жиІащ Иуаным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и къулыкъухэм и реестрым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуа

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и къулыкъухэм и реестрым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. А Законыр хуегъэхьын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. Іэ щІидзэн икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм фокІадэм и 27-м
№911-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и къулыкъухэм и реестрым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2018 гъэм фокІадэм и 27-м

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъум и къулыкъухэм и реестрымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и къулыкъухэм и реестрымрэ я Іуэхукіэ» 2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м №20-РЗ-мкІэ къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым (Правовой информацэмкІэ официальнэ интернет-портал (www.pravo.gov.ru) кьыщыгъэлъэгъуа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъум и къулыкъухэм я реестрым и 3-нэ Іыхьэм и 1 пунктым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн, зэхъуэкІауэ «Министрым и къуэдзэ 03-1-1-001» псалъэхэр мыпхуэдэу:

«Министрым и япэ къуэдзэ 03-1-1-001
Министрым и къуэдзэ 03-1-1-001.1»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м
№25-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ зыхуэдизым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ зыхуэдизым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. хуегъэхьын Іэ щІидзэн икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм фокІадэм и 27-м
№923-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ зыхуэдизым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2018 гъэм фокІадэм и 27-м

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ зыхуэдизым теухуауэ» 2013 гъэм гъатхэпэм и 19-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №17-РЗ-м и 2-нэ статьям и Іыхьэ 1-м дэщІыгъуэкІи «2022 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м нэсыху» жиІэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м
№27-РЗ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьэлІам икІи илъэс куэд льандрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын

Іэбубэчыр Руслан Нажмудин и къуэм - «Отбор» инновацэ агрофирмэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэр

Бажэ Маритэ Адэлбий и пхъум - «ЩІыхэр мелиорацэ щІынымрэ мэкъумэш Іэнатіэр псыкІэ кьыззгъэпэщыныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ управленэ» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и мелиоратор нэхъыщхьэм;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщын

Стерлев Александр Денис и къуэм - щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэм

Уянаев ТІэхьир Алий и къуэм - «Ветеринарие медицинэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» - «ВетеринариемкІэ Шэджэм район центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и кІудамэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м
№155-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м екІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБКъУ-м и бжэхэр къыхузэІуах

● Егъэджэныгъэ

Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр ящыщщ Кавказ Ищхъэрэм и еджапІэ нэхъыфІхэм. Абы щІэс студентищэхэм щІэныгъэ куу зэрырагъэгъуэтыным хущІокъу егъэджакІуэхэр. ІэщІагъэлІхэр. Университетым иІэ къудамэхэмрэ абы щызэфІах егъэджэныгъэ унэтІыныгъэхэмрэ мы махуэхэм щыгъуазэ хуащІ республикэм и курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щеджэхэр.

«БЖЭ зэІуахэм я махуэхэр» кьызыхуэтыншэу кьыщызэрагъэпэщащ университетым. Школакіуэхэм кьыхахыну Іэщ1агъэмрэ зыхуеджэну унэтІыныгъэмкІэ чэнджэщ щхьэпэхэр щрату, Іуэхум жьыджэру хэтщ КъБКъУ-м и щІэныгъэ лабораторэхэр, еджапІэ центрхэр. Ар Іэмалыфщ ныбжьыщІэхэр Іэщ1агъэхэм дгъэхьэхьыныкІэ, я къэкІуэнур зыхуэдэ хъунур нэхъ пасэу яубыхуныкІэ. Іуэхугъуэм теухуа хьэбархэр нэхъапэІуэкІэ щагъэІуауэ щытащ университетым и сайтым. Абы и фІыгъэкІэ «бжэ зэІуахэм» цІыху куэд кьрихьэлІащ: еджакІуэхэри, еджакІуэхэри.

- Мы Іуэхугъуэ щхьэпэм кьызэщІиубыдэхэм ящыщщ дерс зэІухахэр егъэкІуэкІынри. Псори зэхэту школакІуэхэм папщІэ ягъэхьэзыращ Іуэхугъуэ 40-м щІигъу кьыщыгъэлъэгъуа программэ хэха, - жиІащ КъБКъУ-м ныбжьыщІэхэр еджапІэ нэхъыщхьэм хуэгъэхьэзырыныкІэ и кІудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Корсаковэ Галинэ.

Университетым и кафедрэхэм школакІуэхэм къащыущІащ гу зэІухакІэ. ЕгъэджакІуэхэми ахэр гупсэхуу щыгъуазэ хуащІащ щхьэж иригъэдж предметымрэ Іэщ1агъэмрэ зыхуэдэм. Къинэмыщ1ауэ, ныбжьыщІэхэм папщІэ кьызэрагъэпэщат экскурсиехэр, джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэр, зэпеуэхэр, «стІол хъурей» зэІущІэхэр, проект хьэлэмэтхэм я презентацэхэр, нэгъуэщІхэри.

Ялъэгъуамрэ зыхэта Іуэхугъуэхэмкіэ арэзы хъуу, кьыхахыну Іэщ1агъэхэми нэхъыфІу егупсысыну Іэмал ягъуэту екІуэкІащ а зэхуэзэхэр.

КЪАРДЭН Маритэ.

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми ирырехь!

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

ФокІадэм и 1-м щІидзауэ КъБР-м Пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъым кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкІэ кьыщыдэкІыр. ДызэригугъэмкІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

Гъэщ1эгъуэн куэд кьивгъуэтэнущ ди газетым и кьыдэкІыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуэзджэ, спорт хъыбарыщІэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхьэхэм ятеуха тхыгъэхэр, нэгъуэщІ кІуди.

Газетым Іэ щытевдзэ хъунущ КЪР-м и пощт Іуэхущ1апІэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кІэнлейкІэ 78-рэ хъууэ аращ.

Ди индексыр 51531

Хахуэхэр ягъэпажэ

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Надежин Михаил къэралым и МЧС-м «Псым итхьэлэхэр къызэрырагъэлам папщIэ» и медалыр яритащ ШэкIыхьэщIэ Амуррэ Соколовэ Людмилэрэ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Нарткъалэ паркым иIэ гуэлым телъ мылым щытехьэм 2018 гъэм щIышылэм и 23-м кIуэцIрыхуат еджапIэ нэужьым къэкIуэж школакIуэр. И щIыбым илъ портфелыр псыф хъури, абы иришэхыурэ щIалэ цIыкIур щIилъафэу хуежьащ. Абы ирихьэлIащ и сабийм и гъусэу къикIухьыну къыщIэкIа Соколовэ Людмилэ. Гузэвэгъуэ хэхуа ныбжьыщIэр щилъагъум, абы коляскэр Iуфэм деж къыщигъанэри, дэIэпыкъуну щIэпхъуащ. Мылыр пIащIэти, езыри кIуэцIрыхуащ. Я насыпти, абыкIэ блэкIырт ШэкIыхьэщIэ Тимур икIи щIалэ цIыкIумрэ цIыхубзымрэ ядэIэпыкъуну псынщIэу зидзащ. Мылыр зэрыпIащIэми псыр зэрыщIыIэми къызэтримыгъэувыIэу, ар щIилъафэхэм ялъэIэсащ икIи япэщIыкIэ щIалэ цIыкIур къыхихащ, адэкIэ цIыхубзым дэIэпыкъуащ.

Къегъэлак1уэхэмрэ медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмрэ къэсыху, Людмилэ абдежым гъунэгъуу щыпсэути, сабиймрэ къезыгъэла щIалэмрэ и унэм ишащ икIи сабийр иIуэтри, щыгъын гъущэ щитIэгъащ, шей пщтыр иригъэфащ.

Дохутырхэм щIалэ цIыкIум и узыншагъэр къапщыта нэужь, абы дагъуэ иIэтэкъыми, и адэ-анэм Iэрагъэхьэжащ.

- Псыр шынагъуэр щынэхъыбэ щIыпIэу щытщ. Ар щIыIэмэ, абы хуэмыхьэзыр цIыхум абы зэрыщесыфынур дакъикъи 5 - 7-м нэсщ, сабийм и Iэпкълъэпкъым апхуэдэ щытыкIэхэр зэрыхуэшэчынур нэхъ мащIэжрэщ, - жеIэ КъБР-м кхъуафэжьей цIыкIухэмкIэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэ Бжьэхъуокъуэ Iэмырбий. - Сабийхэм Iэмал имыIэу ядегъэкIуэкIыпхъэщ къалэми щIыуэпсми шынагъуэншагъэ Iэмалхэм щытетын зэрыхуейм теухуа псалъэмакъ. Адэ-анэхэм ягу къыдогъэкIыж: фи сабийхэр кIэлъыплъыншэу къэвмыгъанэ, къагурывгъаIуэ абыхэм мылым утехьэныр зэрышынагъуэр!

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Профессор Къумахуэ Мухьэдин и щIыхькIэ

ЩIэныгъэлI гъуэзэджэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Къумахуэ Мухьэдин Iэбубэчыр и къуэр илъэс 90 зэрырикъум ирихьэлIэу къызэрагъэпэща дунейпсо щIэныгъэ конференцыр дыгъуасэ щекIуэкIащ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым.

ЗЭIУЩIЭМ къэрихьэлIат КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ ШэнтIыкъу Иринэ, Тыркум, Швецием, Абхъазым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгэ Республикэм, Москва къалэм къикIа щIэныгъэрылажьэхэмрэ аспирантхэмрэ. Апхуэдэу зэIущIэм къеблэгъат профессор цIэрыIуэм и пхъур, и Iыхьлыхэр.

Пленарнэ зэIущIэр къызэIуихащ институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт**. Ар кIэщIу къытеувыIащ Къумахуэ Мухьэдин и Iэужьыр зэрыкупщIафIэм, бзэ щIэныгъэмрэ лъэпкъ щIэнгъуазэмрэ абы хэлъхьэныгъэу хуищIар зыхуэдизым.

Апхуэдэу утыкум къыщыпсэлъащ Швецием щыщ Лунд къалэм дэт университетым и профессор **Вамлинг Каринэ**. Абы игу къигъэкIыжащ Къумахуэм дригъэкIуэкIа лэжьыгъэ купщIафIэр икIи институтым тыгъэ къыхуищIащ щIэныгъэрылажьэхэм я къэхутэныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхылъ зыбжанэ.

Министр **Къумахуэ Мухьэдин**, щIэныгъэ лэжьакIуэхэу **БищIо Борис**, **Улаков Махъты**, **Габуниа Зинаидэ**, **Берсыр Батырбий**, **Иуан Зэуал** сымэ тепсэлъыхьащ Мухьэдин и Iэдакъэ щIэкIхэм бзэм и нобэрей щытыкIэм и мызакъуэу, абы къикIуа гъуэгуанэри, къыпэплъэри къызэрыщыгъэлъэгъуам. Абыхэм къыхагъэщащ Къумахуэр сыт и лъэныкъуэкIи цIыху зэпIэзэрыту, лэжьыгъэм хуэIэижьу зэрыщытар.

Пленарнэ зэIущIэм и ужькIэ конференцым и лэжьыгъэм щыпащащ гуп хэхахэм. Абыхэм ди республикэм и щIэныгъэрылажьэхэмрэ хьэщIэхэмрэ щызэпкърахащ: кавказыбзэхэм я зэхэлъыкIэмрэ къакIуа гъуэгуанэмрэ, иджырей бзэ политикэмрэ абы и лъэныкъуэкIэ къекIуэкI зэгурымыIуэныгъэхэмрэ, пэщIэдзэ, курыт еджапIэхэм лъэпкъыбзэхэр зэрыщрагъэдж тхылъхэм я зэхэлъыкIэхэр, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и лексикэр, синтаксисыр джыным теухуа бгъэдыхьэкIэщIэхэр, кавказыбзэхэмрэ тхыдэмрэ зэрызэпхар, нэгъуэщIхэри.

Конференцыр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Тхылъыщ1э

Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и тхыдэ

Иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм дунейм къыщытехьащ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн. Лениным и цIэр зезыхьэ союзпсо коммунист щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэр (ВЛКСМ) илъэси 100 зэрырикъум теухуа «История комсомола Кабардино-Балкарии» тхылъыр Зумакулов Борисрэ Мэрзей Залымджэрийрэ зэхагъэуващ.

«ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и унафэкIэ, ВЛКСМ-м и илъэс бжыгъэ дахэр зэрагъэлъэпIэну щIыкIэр зыубзыхуну къызэгъэпэщакIуэ комитет зэхашауэ щытащ, - щыжеIэ щIэджыкIакIуэхэм яхуэгъэза псалъэу тхылъыр къызэIузыхым, Правительствэм и УнафэщI, къызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэу хаха Мусуков Алий. - Комсомолым и ветеранхэмрэ а зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм жыджэру хэтахэмрэ юбилейм ехьэлIа Iуэхухэр зыхуей хуэзэу къызэдгъэпэщынымкIэ куэд къызэрыддащIар гуапэщ. ВЛКСМ-м и махуэр Iэтауэ дгъэлъэпIэныр ди республикэм и комсомолхэм я деж ди пщэ къыщыдэхуэ къалэнышхуэщ. Махуэшхуэр зыхуэтщIхэм, зэгухьэныгъэр къызэзыгъэпэщахэм, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм я топышэхэр бгъэгукIэ къэзыгъэувыIахэм, Берлин нэсу Рейхстагым зи псалъэ тезытхахэм ящыщ куэд псэужкъым, уеблэмэ 50-60 гъэхэм комсомолым хэтахэм я ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэхащ. Ди дежкIэ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхущ тхэмытыжхэм я цIэр тщIэныр, псэухэм пщIэ яхуэтщIыныр».

КъБР-м и Iэтащхьэм и администрацэм и УнафэщI, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару щыта Къуэдзокъуэ Мухьэмэд и тхыгъэ кIэщIымкIэ дыхегъэгъуазэ тхылъым къыщыIэтахэм, ахэр зи IэрыкIхэм IуэхуфI зэралэжьыр къыхегъэщ, тхыдэми дыхегъэгъуазэ: «Лениным и цIэр зезыхьэ союзпсо коммунист щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ 2018 гъэм илъэси 100 ирокъу. Рабочэхэмрэ мэкъумэшыщIэ щIалэгъуалэмрэ я зэгухьэныгъэхэм я I Урысейпсо съездым къыщащтауэ щыта унафэм ипкъ иткIэ, 1918 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м а махуэр ягъэлъэпIэну ягъэуващ щытащ. 1924 гъэ пщIондэ ар щытащ

ЩIалэгъуалэм я Урысей коммунист зэгухьэныгъэу (РКСМ), Ленин Владимир дунейм ехыжа иужь - Лениным и цIэр зезыхьэ Урысей коммунист щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэ хъуащ, 1926 гъэм къыщыщIэдзауэ зэбграгъэкIыжыху - ВЛКСМ-щ. Абы хагъэхьэрт илъэс 14-м къыщыщIэдзауэ 28-рэ зи ныбжь щIалэгъуалэр».

Тхылъым увыпIэ хэха щаубыд КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ, ВЛКСМ-м и Комитет нэхъыщхьэм и япэ секретарь Тяжельников Евгений сымэ комсомолхэм я зэIущIэшхуэхэм къыщапсэлъахэр.

ВЛКСМ-м и тхыдэ гъуэгуанэм теухуауэ щIэныгъэлIхэм, тхыдэджхэм, журналистхэм, зэгухьэныгъэм жыджэру хэтахэм я тхыгъэ купщIафIэхэм я пэублэщ жыпIэкIэ ущыуэнукъым тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Зумакулов Борис и «Этапы большого пути» IэдакъэщIэкIыр.

Апхуэдэуи тхылъым итщ илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм газетхэм къытехуа тхыгъэхэр, комсомолым хэтахэм я гукъэкIыжхэр, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым къыдигъэкIыу щыта «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьахэр, комсомолым теухуа уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри.

ИСТЭПАН Залинэ.

Абазэ Руслан Исмел и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 80-м иту 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м дунейм ехыжащ республикэм и къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист, Урысей Федерацэм и прокуратурэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, юстицэмкIэ 2-нэ класс зиIэ къэрал советник Абазэ Руслан Исмел и къуэр.

Абазэ Руслан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Тэрч районым хыхьэ Плановскэ къуажэм 1939 гъэм къыщалъхуащ.

Курыт школыр къиуха нэужь 1957 гъэм Шэшэн-Ингуш АССР-м щыщ Сунжэ районым хыхьэ Асиновскэ станицэм дэт консерв заводым рабочэу щылэжьащ, иужькIэ Плановскэ къуажэм щыIа «Вторая пятилетка» колхозым хэтащ.

1959 гъэм ар киномеханикхэр щагъэхьэзыру Батайск дэт школым щIэтIысхьэри, ар къиуха нэужь Тэрч райисполкомым щэнхабзэмкIэ и къудамэм и киномеханикыу лэжьащ.

Совет Армэм къулыкъу щищIэу къигъэзэжа нэужь 1965 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм щыщIэдзауэ связымкIэ энерго-техникэ узелым и Тэрч къудамэм и монтёру щытащ.

1966 гъэм Абазэ Р. И. Ростов дэт къэрал университетым и юридическэ факультетым щIэтIысхьащ. Университетыр къиуха нэужь Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и прокуратурэм къулыкъу щищIэу хуежьащ икIи Налшык къалэм и прокуратурэм и стажёрым щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым нэсащ. Жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ а IэнатIэм щыIута зэманым Абазэ Руслан куэд хищIыхьащ законыр гъэбыдэным, правовой IэнатIэр егъэфIэкIуэным.

1998 гъэм щегъэжьауэ 2003 гъэм нэсыху Абазэ Руслан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ШынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретару щытащ.

Абы и IэкIуэлъакIуагъымрэ щIэныгъэмрэ адэкIи сэбэп хъуащ. 2003 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм Абазэ Руслан КъБР-м и Парламентым и депутату хахащ икIи комитет нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зым - ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмкIэ, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIу ягъэуващ. КъБР-м и Парламентым щыхэта зэманым ар КъБР-м и Конституцэм и проектыр гъэхьэзырыным елэжьащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэр егъэфIэкIуэнымкIэ куэд зэфIигъэкIащ.

Зигъэпсэхуну тIысыжа нэужьи абы и жыджэрагъым кIэрыхуакъым. Абазэ Руслан Прокуратурэм и ветеранхэмрэ пенсионерхэмрэ я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и къуэдзэу щытащ. Апхуэдэу республикэм и Жылагъуэ палатэм и япэ хэхыгъуэм хэтащ икIи КъБР-м и жылагъуэ-политикэ Iуэхухэм жыджэру хэлэжьыхьащ.

Абазэ Руслан и фIыщIэр къэралым игъэкIуэдакъым. Абы къратащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, «Урысей Федерацэм и прокуратурэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» бгъэхэIу дамыгъэр, «Законым зэрыхуэпэжым папщIэ» дамыгъэм и япэ нагъыщэр, «Руденкэ и медалыр», апхуэдэу «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист», «Тэрч къалэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжхэм ящыщ зым, пщIэрэ пэжыгъэрэ зыхэлъа цIыхум, ныбжьэгъу нэсым и фэеплъыр дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

КIуэкIуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Канунников В. А., Къуэдзокъуэ М. М., АфэщIагъуэ М. Хь., Аттаев Ж. Ж., Беднев Ю. Ф., Беппаев С. У., Берд Хь. А., Бечелов. И. Б., Бозий Н. М., Бэлэтокъуэ В. Хь., Геккиев З. Д., Геляхов А. С., Говоров С. А., Губин Г. С., Дадэ М. А., Жанатаев С. А., Жаным Р. М., Жариков О. О., Жыджэт А. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Къалэ З. А., Канунников А. Д., Къардэн М. Н., Къэрмокъуэ Хь. М., КIэрэф М. А., Чэт Ю. М., Клевцов М. М., Къудали М. Хь., Мер Ю. Хъ., Мэлбахъуэ Б. Хь., Мамхэгъ А. Ш., Маслов Н. А., Мовсисян Г. О., Нэхущ З. А., Пэнагуэ М. А., Сыжажэ В. Хъу., Сэхъу В. Къ., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Тату К. Б., Ульбашев М. М., Устэ В. Хъ., Федченкэ Л. М., Хъурей Ф. А., Хьэжу В. Ш., Хьэщхъуэжь А. Б., ХьэфIыцIэ М. М., Шэшэн А. А., Шыхъуэбахъуэ М. Хь., Шурдым Ю. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и XII хэхыгъуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ хэхыгъуэм я депутату щыта **Абазэ Руслан Исмел и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу абы и Iыхьылхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэм хъыбар фагъащIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурору, ШынагъуэншагъэмкIэ советым и секретару лэжьа **Абазэ Руслан Исмел и къуэр** дунейм зэрехыжамкIэ икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

ДифI догъэлъапIэ

Быгуэ Динэ и ехъулIэныгъэ

Нобэ фэдгъэцIыхуну дыхуейщ «Мисс Калининград-2018», «Жемчужина России-2018» зэпеуэхэм щытекIуа ди лъэпкъэгъу пщащэ тхьэIухуд Быгуэ Динэ.

ДИНЭ къыщалъхуари къыщыхъуари Калининградщ, абы и анэр лъэпкъкIэ урысщ, и адэр адыгэщ. «СыкъызыхэкIам щыщIэупщIэм деж, сыт щыгъуи си гуапэу жызоIэ сызэрыадыгэр. Си лъэпкъыр соцIыху, адэжь лъахэр фIыуэ солъагъу», - жеIэ Динэ.

Динэ и адэ Быгуэ Ахьмэдщ Калининград япэ кинокомпание къыщызэIузыхар. ИджыкIэ ар «Западфильм» кинокомпанием и генеральнэ унафэщIщ, «Калининград фильм»-м и продюсерщ, «Федерация традиционного и спортивного ушу» IуэхущIапIэм Калининград щиIэ къудамэм и унафэщIщ.

Ди лъэпкъэгъу пщащэм жеIэ тхьэIухудхэм я зэпеуэхэм хэтыну зэи щIэхъуэпсу зэрыщымытар. Динэ и ныбжьэгъу хъыджэбзым апхуэдэ зэрыщыIэнур къыщищIэм, куэдрэ къелъэIуащ и Iуэху зэрыхъум еплъыну, арэзы хъухуи кIэрыкIакъым. Абы жеIэ зэпеуэм щыхыхьами текIуэныгъэм зэремыгупсысар, ауэ ищIэн хуейуэ къыхуагъэув псори пылъхьэншэу игъэзащIэрт.

«Мисс Калининград» зэпеуэм пашэныгъэр щиубыда иужь ар «Жемчужина России» зэхьэзэхуэм хагъэхьати, абы и къэпщытакIуэ гупым хэтахэри итхьэкъуащ адыгэ хъыджэбзым. «А зэпеуэм и фIыгъэкIэ Карелие Республикэ дахэм сыщыIащ, ди къэралым и щIыпIэ куэдым къикIа хъыджэбз тхьэIухудхэр зэзгъэцIыхуащ, иджы сэ къалэ къэс си шыпхъу дэсу къызолъытэ. Зыр адрейм щхьэкIэ дыгузавэу, къайхъулIэмэ ди гуапэу дыкъыздекIуэкIащ, зэгурымыIуэ, зэхуэгубжьа къытхэкIакъым. ЖысIэну сыхуейщ ди зэпеуэр гъэпцIагъэ

хэмылъу зэрыщытар», - къыддогуашэ Динэ.

Хъыджэбзыр курыт еджапIэм щыщIэсым дзэ дохутыр хъуну щIэхъуэпсами, адэ-анэм япхъу закъуэр къалэшхуэм еджапIэ ягъэкIуэн шынэри, Калининград дэт университетым физическэ гъэсэныгъэмкIэ и къудамэм щIагъэтIысхьат. КъыхэгъэщыпхъэщДинэ зэрысабийрэ спортыр фIыуэ илъагъуу, илъэситI ныбжьым зэритрэ спортзалым яшэу зэрыщытар. Ди лъэпкъэгъу пщащэр зэрытхьэIухудым, зэрыакъылыфIэм къищынэмыщIауэ, спортымкIи ехъулIэныгъэ лъагэхэр иIэщ. Ар ушумкIэ дунейпсо, европэ зэпеуэхэм блэнейрэ чемпион щыхъуащ. ИджыкIэ ар я къалэм фIыуэ къыщацIыху, фитнес-тренеру мэлажьэ.

Быгуэ Динэ хъуэпсапIэ и куэдщ, абы мурадрэ къалэну зыхуигъэувыжри мащIэкъым, ауэ хьэкъыр зыщ - апхуэдэ утыку ихьэкIэ дахэ зиIэ адыгэ пщащэр и мурадхэм хуэщхьэхынукъым. ДяпэкIи и цIэр фIыкIэ зэхэтхыну ди гуапэщ. Тхьэм хущIигъэхьэ!

ТАУ Алёнэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 20, щэбэт

♦**Статистикэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Авиадиспетчерым и дунейпсо махуэщ**
♦**ПщафIэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Дзэ связистым и махуэщ**
♦**Сербием щагъэлъапIэ Белград къалэр хуит къыщащIыжа махуэр**. 1944 гъэм советыдзэхэмрэ Югославием и партизанхэмрэ Белград къалэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.
♦**1714 гъэм** Пётр Езанэм къыдигъэкIащ мывэм къыхэщIыкIа унэхэр Урысейм щемыгъэухуэным теухуа унафэ. Мывэ унэхэр щащIыну пащтыхьым хуит ищIыр, уеблэмэ ар къалэну щигъэувар Санкт-Петербург къалэм и закъуэт. Урысейм и щIыпIэ куэдым щыщ мывагцIэхэр, лэжьапIэншэу къэна нэужь, къалащхьэщIэм зэрыхьу ар нэхъ екIу, нэгъуэщI къэралхэм я щыхьэрхэм зыкIи къакIэрымыху абыхэм яригъэщIынырт Пётр Езанэм ищIа унафэм и мурад нэхъыщхьэр.
♦**1880 гъэм** Москва циркыр къызэIуахащ.
♦**1930 гъэм** РСФСР-м щыщ Красноярск крайм хыхьэу къызэрагъэпэщащ Хакасскэ автономнэ областыр. Иджыпсту УФ-м хыхьэ Хакасие Республикэщ.
♦**1938 гъэм** Приморскэ, Хабаровскэ крайхэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1956 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къищтащ «ЩIыщIэхэр къызэраIэтам папщIэ» медалыр гъэувыным теухуауэ.
♦**1970 гъэм** «Спортлото» лотереем и япэ гъэджэгугъуэр екIуэкIащ.
♦**2000 гъэм** Шэджэм къуажэр къалэ хъуащ.
♦Къэрал лэжьакIуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуитхум я депутату щыта **Тэрчокъуэ Къамболэт** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.
♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шурдым Гъэзалий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Жыгун Хьэту** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦УсакIуэ, егъэджакIуэ, АР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Мэхъуэш Руслан** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Урысей тележурналист, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Соловьев Владимир** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **ТекIужь Заретэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 21-рэ, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 21, тхьэмахуэ

♦**УФ-м и ерыскъыпхъэ промышленностым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**УФ-м и гъуэгу IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**1520 гъэм** Португалием щыщ зыплъыхьакIуэ Магеллан Фернан хы Щэхумрэ Атлантикэ хымрэ я псыдэжыпIэр къихутащ, иужькIэ абы езым и цIэр фIащыжащ.
♦**1899 гъэм** Владивосток къыщызэIуахащ КъуэкIыпIэ институтыр, иджыпсту ар КъуэкIыпIэ жыжьэ федеральнэ университетырщ.
♦**1935 гъэм** Германиер Лъэпкъхэм я Лигэм къыхэкIыжащ.
♦**1945 гъэм** Франджым цIыхубзхэми хэхыныгъэхэм Iэ щаIэтыну япэу хуит щащIащ.
♦**1958 гъэм** Инджылызым и Парламентым и лорд палатэм япэу цIыхубз хахащ.
♦**1994 гъэм** Къэрал Думэм УФ-м и Граждан кодексыр къищтащ.
♦**1994 гъэм** Урысей телевиденэм и академием илъэс къэс ятыну «ТЭФИ» саугъэтыр игъэуващ.
♦**1997 гъэм** Солженицын Александр и цIэр зезыхьэ Литературэ саугъэтыр ягъэуващ.
♦**1997 гъэм** Къэзахъстаным и президент Назарбаев НурсултIан Iэ щIидзащ къэралым и къалащхьэщIэу Акмола къалэр къызэрыхахам теухуа унафэм. ИужькIэ абы и цIэр Астана жиIэу зэрахъуэкIащ.
♦**2010 гъэм** Собянин Сергей Москва къалэм и Iэтащхьэу ягъэуващ.
♦Швецием щыщ химик, инженер, динамитыр къэзыгупсыса, езым и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зыгъэува **Нобель Альфред** къызэралъхурэ илъэс 285-рэ ирокъу.
♦Актрисэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ **Санаевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Израилым и премьер-министр **Нетаньяху Биньямин** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Кинорежиссёр, актёр, продюсер, РСФСР-м и цIыхубэ артист, «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Михалков Никитэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Физик цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща, Налшык дэт курыт школ №3-р дыщэ медалкIэ къэзыуха **Гейм Андрей** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
♦УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **КIуэкIуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 22, блыщхьэ

♦**Щыпсалъэк1э зэIынэ цIыхухэм я дунейпсо махуэщ**
♦**ТхылъымпIэр зэгъэзэхуэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Сабий библиотекэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**1612 гъэм** Минин Кузьмарэ Пожарский Дмитрийрэ зи пашэ урысыдзэм лыхьхэр Москва дахужащ.
♦**1721 гъэм** Урыс сенатым пащтыхьыцIэр игъэкIуэдыжри, Пётр Езанэр Урысейм и император ищIащ.
♦**1730 гъэм** Ладогэ псыдэжыпIэр къызэIуахащ.
♦**1883 гъэм** Нью-Йорк къыщызэIуахащ дунейм и театр нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыр - Метрополитен-Опера жыхуиIэр.
♦**1938 гъэм** США-м щыщ къэхутакIуэ Карлсон Честер дунейм щыяпэу ксерокопие зэращI Iэмэпсымэр зэпкърилъхьащ.
♦**1941 гъэм** СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и къэрал комитетым унафэ къищтащ зыхъумэжыныгъэмкIэ къалэ комитетхэр Севастополь, Сталинград, Тулэ, Ростов, Курск - псори зэхэту къалэ 46-м къыщызэрагъэпэщыну.
♦**1962 гъэм** щIидзащ тхыдэм «Кариб кризис» жиIэу хыхьа, США-мрэ СССР-мрэ яку къыдэхъуа зэпэщIэтыныгъэм. Ар къызытехъуэикIар Совет Союзым и дзэхэр Кубэм игъэкIуауэ, и Iэщэхэр, ядернэхэри яхэту, иригъэшауэ зэрыщытарщ.
♦**1990 гъэм** Горький къалэм и пасэрей цIэр - Новгород Ищхъэрэр - игъуэтыжащ. Къалэм и лъабжьэр 1221 гъэм ягъэтIылъауэ щытащ.
♦Мэжэр (венгр) музыкант, композитор цIэрыIуэ **Лист Ференц** къызэралъхурэ илъэс 207-рэ ирокъу.
♦Адыгэ узэщIакIуэ цIэрыIуэ **ХьэтIохъущокъуэ Къазий** къызэралъхурэ илъэси 177-рэ ирокъу.
♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Мишулин Спартак** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Футболист, гъуащхьэтет, Олимп джэгухэм я чемпион **Яшин Лев** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Уэлджыр Мушэхьид** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Франджы актрисэ, дунейпсо кинематографым и вагъуэу къалъытэ **Денёв Катрин** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Тхьэусыхалэ ажал тоIукI.

Хъуэхъу

Тхьэмокъуэ Ланэ и зэфIэкI

Дэтхэнэ IэщIагъэми цIыхур егъэдахэ, зэфIэкIрэ егугъуныгъэрэ хэлъу и лэжьыгъэр ирихьэкIмэ. Ауэ псом хуэмыдэу гугъущ, жэуаплыныгъэшхуи зыпылъщ дохутыр IэнатIэр. А лэжьыгъэ мытыншым илъэс куэд лъандэрэ пэрытщ Тхьэмокъуэ Ланэ Владимир и пхъур.

Ар Пирогов Н. И. и цIэр зэрихьэу Москва дэт лъэпкъ медико-хирургие центрым и поликлиникэ нэхъыщхьэм и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу илъэс IэджэкIэ лэжьащ. А зэманым Ланэ къалащхьэм и медицинэ IэнатIэм и лэжьакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ хъуащ.

Дагъуэншэу и IэнатIэр зэрырихьэкIым папщIэ 2009 гъэм Тхьэмокъуэ Ланэ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр, Москва къалэр илъэс 805-рэ зэрырикъур щагъэлъапIэ гъэм а пIалъэм и IуэхукIэ къыдагъэкIа медалыр къыхуагъэфэщащ икIи абы щIыгъу удостоверенэм Iэ щIидзауэ щытащ УФ-м и Президент Ельцин Борис.

И ныбжьыр зыгъэпсэхугъуэм нэсами, Тхьэмокъуэ Ланэ нобэми IэнатIэ мытыншыр ирехьэкI. Ар Москва

къалэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и департаментым и поликлиникэ №2-м и дохутырщ.

Иджыблагъэ и юбилейр щигъэлъапIэм Тхьэмокъуэ Ланэ кърата щ КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр. Дэри а лэжьакIуэ емызэшым, унагъуэ дахэм хэс щхьэгъусэ, анэ гуапэм дохъуэхъу узыншагъэ быдэрэ насыпрэ иIэну, пщIэшхуэ зыпылъ и IэщIагъэм иджыри куэдрэ ирилэжьэну.

И Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

Пащтыхь гуащэр адыгэхэм я хьэщІэщ

Иорданием и пащтыхь-гуащэ Рания гулъытэрэ гуапагъэр зыхэлъ бзылъхугъэщ. Абы фІэфІщ къэралым ис цІыхухэм яхьхьэну, епсэлъэну, я гурыгъу-гурыщІэхэр зригъащІэурэ ядэІэпыкъуну.

● Иордание

ПАЩТЫХЬ гуащэр иджыблагъэ щыІащ Адыгэ щэнхабзэмкІэ дунейпсо академиеу Иорданием щылажьэм. ЩІынальэм щыхэхэс шэрджэсхэм я тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр зэрахьэмэж. Іэмалхэр зригъэпсэльэгъуй, лъэпкъыр зэрыгушхуэ хъугъуэфІыгъуэхэр зыхуэдэр зригъэщІэн мурадкІэ, я адэжь щІэинхэр щахъумэ академием кІуаеу арат Рания.

Адыгэ щэнхабзэ академиер зыгъэлажьэ Хъуажь Лейлэ, абы и дэІепыкъуэгу Хьэтх Инал сымэ, егъэджакІуэхэм, къэсакІуэхэм, къэфакІуэ ныбжьыщІэхэм яхуэзащ пащтыхь гуащэр икІи езыр зыщІэупщІахэм я жэуапу Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм жаІащ Іэмал зэрагъуэктКІэ, щІэблэм анэдэлъхубзэр, лъэпкъ Іэщ1агъэхэр, я адэжьхэм зэрахьа хабзэхэр зэрыграгъэщІэным иужь зэритыр, «Бгырыс бынхэр» ансамбль лъэщ зэраІэр.

Къэфакіуэ гупым хэт пщащэхэм хьэщІэ лъапІэм жраІэжащ Хьэтх Инал и нэІэм щІэту зэрызагъасэр, хамэ къэралхэм ясыщІэзэрагъэпэщ фестиваль зэмылІэужьыгъуэхэм зэрыхэтыр, апхуэдэу Израиилым и Кфар-Камэ жьылэм щыпсэу адыгэхэм я дежи, Мейкъуапэ иджыблагъэ щекІуэкІа Адыгэ щэнхабзэмкІэ VIII дунейпсо фестивалми зэрызыкъыщагъэлъэгъуар.

Хьуажь Лейлэрэ Хьэтх Инал ирэ академием и кьалэн нэхъыщхьэхэмрэ нобэ и Іуэху зыІутымрэ пащтыхь гуащэм хуаІуэта нэужь, адыгэхэм къаззрыхьыхар игу къинэжьын хуэдэу бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ хьэпшып Рания тыгъэ хуэдизкІэ ирыр къыщІыхьащ Цезарь и деж. ИкІи зэпилъыхьри, псы хущхъуэ гуэр Іэщ1игъэуващ. Цезарь къыхуагъэхьа тхыгъэр дохутырым Іэщ1илъхьэри, ар абы еджэху, езыр псы хущхъуэм къриминэІаеу ефащ.

Дохутырым илъагъур и фІэщ хъуртэкъым:

- Си пащтыхь, мы къыпхуатхам иужькІэ сэ уэста хущхъуэм дзыхь пщІыуэ дауэ уефа?

Цезарь зэпІэззэрыту жэуап кІитащ:

- УлІэмэ нэхъыфІщ, уи ныбжьэгъу пэжым шэч хуэпщІ нэхъра!

● Гушы Іэхэр

ТІури илъэс 80 ирокъу

Зи ныбжь хэкІуэта бзылъхугъэр дохутырым деж щІыхьащ:
- Илъэс дапщэ ухъурэ, нанэ?
- Илъэс 80.
- Сыт укъыхэзыгъэзыхьыр?
- Си лъакъуэ ижьыр Іейуэ къызоузри, схуеплъ.
- Сеплъащ, ауэ зыри и лажьэ хуэдэкъым, ныбжьыр зэрыжэкІуэтам щхьэкІэ уэу хузогъэфащэ.
- АтІэ, щхьэ лъакъуэ сэмэгур мыузрэ? Ари ирикъуащ илъэс 80!

Махуэу згъуэтакъым

Пщыхьэщхьэм Хьуэжэ и шыдыжьыр имыгъэтыжу къыдыхьэжащ. Жэщыбгым нэсауэ, пщІантІэм Іэуэльауэ гуэр къыщыІуащ.

- Си шыдыжьыр къэкІуэжауэ къыщІэкІынщи, щІэзгъэхьэжынщ, - жиІэри Хьуэжэ унэм къыщІэкІащ.

Іэуэльауэр къыздиІуэкІри шыдыр здэщыт хабзэмкІэти, абыкІэ кІуаеу. Дыгъуакіуэхэр шыдым лъыхьэуэ абы щІэту щилъагъум:

- Сэ махуэу сылъыхъуэри, згъуэтыжакъым. Фэ жэщу вгъэтын фи гуГъэрэ а си шыдыжьыр? - жиІэри Хьуэжэ унэм щІыхьэжащ.

● Шхыныгъуэхэр

КІэртІофэ лэкъум

КІэртІофэ укъэбза псы щылэжкІэ ятхъэщІри лыхьэжым щІагъэкІ, тепщэчышхуэм иралъхьэри шыгъу, джэдыкІэ цІынэ халъхьэ, пщагъэр псы хуабэкІэ зэхащІэ, гуэдз хьэжыгъэ уху энщІа халъхьэри тхъэвым хуэдэу ящ. Ар зэрылъ тепщэчым хьэжыгъэ тращэри, ящ, къэтэджын щхьэкІэ зы сыхьэт-сыхьэтрэ нЫкъуэкІэ хуабапІэм яГъуэн. Тхъэв тэджар чыржыным хуэдэу пІащІэ хъурей цыкІыуурэ ящ, тебэм ит тхъу къэпІъам халъхьэ, зэрагъэщэкІыуурэ тхъуэплъ хъуху яГъажьэ. Шатэ тракІэри яшх. Шэ щыІи удефэ хъунущ. Мыр Гъатхэм нэхъ ящІрейуэ щытащ.

Халъхьэхэр (щІыхуищ Іыхьэ): кІэртІофэ укъэбзауэ - г 500, псы хуабэу - г 30, гуэдз хьэжыгъэу - г 200, пщагъэу - г 20, джэдыкІэу - г 20, тхъуэу - г 100, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Шэкіэ щІа хугу хьэнтхъупс Іэфі

Хугу лъэсар шыгъу зыхэдза псы къыкъуальэм хакІутэ, зэІащІэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр щабэ ящІри, дакъикьи 10-12 хуэдизкІэ яГъавэ шыуаныщхьэр тепІауэ, зззэмызи тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтІанэ шэ гъэпщта щІакІэ, фошыгъу халъхьэри зэІащІэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафІэр щабэ ящІри, зззэмызэ зэІащІэурэ хьэзыр хъуху яГъавэ. Іэнэм фагъэм иту пщтыру трагъэувэ, тхъуцІынэ халъхьэ. ЩІакъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): псыуэ - г 200, хугуу - г 50, шэуэ - г 450-рэ, фошыгъуу - г 15, тхъуцІынэу - г 25-рэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Псалъэжьхэр

Бзу кхъуей

♦Джатэрыпщ нэхърэ пщы Іущабэ.
♦Зи вакъэ зэврэ зи гъавэ мащІэрэ.
♦Дзэм иуфэкъа лъахэрэ мащІэр зыпхыкІа хадэрэ.
♦ЛІыгъэ щІапІэ лІы икІуадэркъым.

● Чэнджэщхэр

Гъуаплъэ хьэкъущыкъукІэ тхъу зэрахьэркъым

●ДжэдыкІэ ивыкІар псынщІэу псы щІыІэм хэплъхьэмэ, и фэр текІыгъуафІэ мэхъу.
●Тхъэв ящам и щхьэм Іэмал имыІэу хьэжыгъэ траудэ е щэкІ трапхъуэ. Апхуэдэу умыщІмэ, тхъэвыр къэтэджыгъуей мэхъу, и щхьэри тогъкІ.
●Пщагъэр псы хуабэпщІкІэ зэІах, хуабагъыр градус 27-32-рэ хъууэ. Псы щІыІэкІэ пщагъэр яГъэткІумэ, тхъэвыр тэджыгъуей мэхъу, псывэІуэ ящІмэ - пщагъэр хэкІуэдэнущ.
●Гъуаплъэ хьэкъущыкъукІэ тхъур зэрахьэркъым, абы ар щІэх щыхэІохьэри.
●Хьэжыгъэр (нартыху хьэжыгъэри, гуэдз хьэжыгъэри, нэгъэущІхэри) шхыныгъуэ къыхащІыкІын и пэ къихуэу, Іэмал имыІэу кхъуэзанэкІэ яухуэнщІ, жьы щІихун щхьэкІэ.
●ГъэшхэкІхэр нэхъ зэІыкъэкІэ, зэрыт хьэкъущыкъур бинткІэ щхьэщыгъэхыкІауэ щІыпІапІэ щыбгъэувмэ.
●Къэбыр щагъавэкІэ псы куэд щІакІэмэ, цІынэ мэхъу, и Іэфіри щІех.
●КІэртІофэ укъэбзар псы щІыІэм хэлъмэ, фІыцІэ хъуркъым.
●КІэртІофэ пІастэ ящІыну кІэртІофэ гъэвар бэлагъкІэ яуб. Иджы нэхъыбэм кІэртІофэ гъэвар лыхьэжьым щІагъэкІ хъуащ. Ар нэхъ псынщІэу зэфІэкІ щхьэкІэ, абы кІэртІофэ пІастэр фІыцІэ ещІ икІи витамин С-р егъэкІуэд.
●Джэдыкіэр щаудэкІэ, ар зракъутэр хьэкъущыкъу лащ.
●Нартыху хьэжыгъэр куэдрэ щылъмэ, дыдж къыщІохьэ икІи хьэпІапІэ хещІэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Ха ъыбар

Ныбжьэгъу пэжым шэч къытрахьэркъым

ЦЕЗАРЬ и дзыхь ирГъэзу зы цІыху закъуэт иІэр, арат абы и ныбжьэгъури. Ар икІи и къримытауэ зы хущхъуэи пхуефэнутэкъым.

Зэгуэрым Цезарь, и щхьэ и жагъуэу здыхэлъым, и унэцІэр кІэщІымыту зыгуэрым тхыгъэ къыхуигъэхьащ: «Уи ныбжьэгъу нэхъ гъунэгъу дыдэм - уи дохутырым - щышынэ. Абы уигъэлІэну хуейщ!»

Куэд дэмыкІыу дохутырыр къыщІыхьащ Цезарь и деж. ИкІи зэпилъыхьри, псы хущхъуэ гуэр Іэщ1игъэуващ. Цезарь къыхуагъэхьа тхыгъэр дохутырым Іэщ1илъхьэри, ар абы еджэху, езыр псы хущхъуэм къриминэІаеу ефащ.

Дохутырым илъагъур и фІэщ хъуртэкъым:

- Си пащтыхь, мы къыпхуатхам иужькІэ сэ уэста хущхъуэм дзыхь пщІыуэ дауэ уефа?

Цезарь зэпІэззэрыту жэуап кІитащ:

- УлІэмэ нэхъыфІщ, уи ныбжьэгъу пэжым шэч хуэпщІ нэхъра!

● Зэвгъащ Іэ

Жьы хъуа псалъэхэр

Хьэлыуэ Іэпищ. ФэрэкІ къызэуза сабийр хъужа иужькІэ, хьэлІамэ хуагъавэрт, сабийм и Іэпищым тедзауэ ГъунэгъуХэм хуахьырт, я сабийр зэрыхъужам иджы укъыкІэлъыкІуэ зэрыхъунym и щхьхьэту.

Гъуэгудзгъаэз. Мыр адыгэхэм хьэщІэм хуащІ пщІэм, кІэлъыІэрахьэу щыта хабзэхэм ящыщ зыщ. Къуажэм дэкІыуГъэгу техьам, хьэщІэ къакІуэу илъагъумэ, къыгъэзэжырти къуажэм нэс къиГъэблагъэрт, хьэщІэм хуит къыщІыжмэ, и Гъуэгум пищэжырт.

Гущэкъуибзэ. Адыгэхэм хабзэу къадекІуэкІыу щытащ зы жэщым жьлэм къыдалъхуа щІалэ цІыкІумрэ я гущэкъу зэхуарабзэу. Ахэр бэлигъ хъуа иужькІэ унагъуэ хъун хуейуэ арат.

ГЪУКІАКЪУЭ Инал.

● Интернетым дыкъыщодж э

Зи унэ зимыІэж мелардырыбжэ

Ар Duty Free тыкуэнышхуэхэр къыззэсыгъэпсэуращ. Иджыпсту и ныбжьыр илъэс 87-м щІигъуащ, доллар мелардри 7,5-рэ и уасэ мыпхУ бГъэдэлъщ. Ауэ щыхъукІи, зы машини иІэкъым, къуэхльатэ щитІысхьэкІэ эконом-классыр къыхех, фэтэрыпщІэ зыщІит унэ щІэсу аращ. Фини Чакрльэ (Чак) - араща абы и цІэ-унэцІэр, доллар 15 зи уасэ Іэпщэ сыхьэтщ илъыр. Къыщалъхуа и хэкум, Ирландием, америкэ турист гуэру щагугъэщ, и зыхуэпэкІэр апхуэдизкІэ къыззэрегъэкІуи. Ресторанхэм щІыхьэнукъым, шхапІэ щыкІу игъэту; дзрбзэр Іззз къыпхьхъуэрькъым, тыкуэн щыкІу щыІэу, метрокІэ е таксикІэ къикІухьу аращ.

Зы центми щысхь лІыжь къузгъун гуэру уигугъэнт, иужьрей илъэс 30-м къриубыдэу псапащІэ Іуэхум доллар мелардищ 6 химыльхатэмэ. А ахъшэр текІуэдащ США-м, Вьетнамым, Австралием, Африкэ Ипщэм, Ирландием, Бермуд хьтГыгум щыІэ, жьы хуэахэр щапІыж унэхэм щыпсэуэхэр зыхуэй-зыхуэфІхэмкІэ къыззГъэпэщыным, щІэныгъэр, егъэджэныгъэр, узынщагъэр хьумэныр егъэфІэкІуэным. Ар иджыри къэувыІэну зигъэхьэзырыркъым икІи и мурадщ и ахъшэр псори псапащІэ Іуэхуэхэм хилъхьэну.

Фини Чак а ищІэм папщІэ щІыхь къыльыхъэрэкъым. Къилэжьа доллар мелардхэр щигугъэшкІэ, зыми гу къыльимытэмэ, къытемыпсэльхьымэ нэхъ кьещтэ. Ипэ илъэс 15-м ар избыщІыфат, ауэ и псапащІэ Іуэхуэхэм хуабжьу заубГуари «къыщІагъэщащ». 2012 гъэр къэсыху абы интервьюи 5 итауэ аращ.

Чак щІыху къыззэрымыкІуэщ. ХьэрычэтыщІэ Іуэху щІыкІу иригъажьэри, щІыу 200 щылажьэ компаниехэр къэрал 27-м къыщыззІуихащ. Абы и мыпхУр псынщІэ дыдэу багъуэрт, ауэ ахъшэу къыхэхъуэр езым къыззригъэпэща The Atlantic Philanthropies псапащІэ фондым кІуэрт. Апхуэдэурэ абы и Іэнатіэм зиужьащ, къыхэхъуэри нэхъыбэ хъуурэ къекІуэкІащ.

«Сэ хьэкъ сщыхъущ къэблэжьа ахъшэр зыгуэрым ептрэ сабэпынагъ пылъу къызэригъэссэбэпыр, псальэм папщІэ, сымаджэщ зэриухуэр, пльагъуным гур зэрирГъэзагъэр. Ар куэдкІэ нэхъыфІкъэ, банким хэплъхьэрэ багъуэту хэль нэхър», - жеІэ Фини.

КЪЭБАРТ Миръ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **3**. Къэралым и щІыналъэм и щІэдзапІэ е щиух щІыпІэ. **5**. ... гъуэнщэджрэ. **7**. ДжэдыкІэ ... Е жыг ... **9**. ... къэпщІауэ, школ пщІантІэм сабийхэр щызэрызохьэ. **10**. УэрщэрынкІэ ирикъуа нэужь, щІалэхэр зэбгрыкІыжащ, щхьэж и ... бжэн лъакъуэу. **11**. Абхъазым и цІэр зэриихьэу Налшык щыІэ утыкушхуэм щэбэт, тхьэмахуэ махуэхэм щызэхьхьэ бэзэр. **12**. ... фІэфІыр нэм фІэдахэщ. **15**. ПщІийр къызыпыкІэ жыг. **17**. Танэ мэжэлІам и ... макъ къэІуащ. **18**. Нартыху хъуманІэ. **20**. Жасыр етхуанэ ... щыгъуэщ. **21**. Кьамэ, джатэ, ... **22**. Іэпкъльэпкъ зэкІуж зиІэ щІалэ бжьыфІэ, къудан. **25**. Башкирием я къалащхьэ. **26**. ТхьэкІумэкІыхьым фІыуэ илъагъу хадэхэкІ. **30**. Дзапэ ... **33**. Малъхъэрэ ... **34**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **35**. Пасэрей адыгэ хъыбарегъащІэ. **36**. УэрэджэщІакІуэ Іэзэу щыта, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист. **37**. Теунэ Хьэчим, Сокъур Мусэбий, ХьэкІащэ Андрей, Къэжэр Пётр сымэ я куажэ. **39**. Хэку зауэшхуэм лІыхъужьу хэта адыгэ офицер, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **40**. Адыгэ композитор цІэрыІуэ Балэ ... **42**. Ямыупсу щхьэкум къранэу щыта щхьэц Іэрамэ. **44**. ЩІы къиуда. **46**. Гъэмахуэм шым, Іэщым якІэрыхьажьэ бадзэшхуэ. **47**. Къэрал думэм и депутат ди лъэпкъэгъу. **48**. Яхуэмылажьэ бжьэхъушхуэ.

Къехуу: **1**. «Ленэ дахэкІей», «Лэскэн хъыджэбз», «Нусэ», «Бдзэжьеящэ» икІи нэгъуэщІ уэрэд щІэрыІуэхэр зыгъэзащІу щыта уэрэджэлакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ артист. **2**. ЦІыху мелуан 80-м нэс щыпсэу муслъымэн хэрал. **4**. ... и къуэ нарт лІыхъжь Щэуей. **6**. Илъэс **17** фІэкІ имыныбжьыу, Щоджэнцыкіу Алий Тыркум щитха усэ цІэрыІуэ. **8**. Блэм, дзыгъуэм, шындыргъуом я хэщІапІэ. **13**. Нартхэм я фадэр абы къыхащыкІырт. **14**. ЩІылъэ мэракІуэ лІэужьыгъуэ. **15**. Куэд зи фэ дзэзыгъэхуэф цІыху. **16**. ТхъуцІынэ щІэпхумэ ар къонэ. **17**. Аргъуэй ззэрэ ... къъуейрэ. **19**. Рифмэрэ ритмкІэ къулей литературэ тхыгъэ. **23**. Джэдкъаз. **24**. Жьэгу натІэм хэщІыхьа тегъэуапІэ. **27**. Губгъуэ джэдкъаз пІащэ, льатэзу. **28**. Гум щІэщІа шитым я зым ... къищтауэ яуеркъуркъым. **29**. Лы лей зытелъ цІыху. **30**. Уэшх кьемышхуэ зэман кІыхь щыдих лъэхъэнэ. **31**. «Бгы лъапэхэм ...» - КІыщокъуэ Алим и поэмэ. **32**. Европэмрэ Азиемрэ я зэхуакум дзт бгыщхуэ. **38**. Зи нэхэр куууэ ис цІыху. **40**. ... - махуэми и маршынэ къутар зэрригъэпэщыжащ. **41**. Ди гъунэгъу лІыжьым ... хъарзынэ къигъэщІащ. **43**. ШхэнэІэ ... **45**. КъэкІыгъэхэм лъапсэрыхьэр къахуэзыгъакІуэ хьэпІащІэ къэзылъэтыхь.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Жэпуэгъуэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **3**. Алжир. **5**. Щынэр. **8**. Суръ. **9**. КІэпхъ. **10**. Алъп. **11**. Щыкъун. **13**. Саут. **16**. Лъей. **17**. Шэ. **18**. Удж. **19**. Жэп. **23**. Гуэдз. **24**. Бжьы. **25**. Пыл. **28**. Хэку. **30**. КІэ. **31**. Гъущ. **33**. Быж. **34**. Пощт. **36**. ГупкІэ. **37**. Ефэ. **38**. Уагъэ. **40**. Кьады. **42**. Пшынэ. **43**. Ныбгъуэ.

Къехуу: **1**. Блэр. **2**. Іэзэ. **4**. Роман. **5**. Щхьэпс. **6**. Псырыльэ. **7**. ПхъэІэпэ. **11**. Щай. **12**. Кьуэш. **14**. Абдж. **15**. Таж. **20**. Гудзэ. **21**. Яжьэ. **22**. Гъупщ. **26**. Яхэгуауэ. **27**. Бжэ1умыкъ. **29**. Курп. **30**. КІыщ. **32**. ЩІэп. **33**. Бгъэ. **35**. Теунэ. **36**. Гуэбэн. **39**. Гъашэ. **41**. Абгъуэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эдлэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**



Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленин и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; зыщІмагъэмрэ щІыуэпсыр зыхъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленин и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужькъуэ Заирэ**. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанnegъ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.108 ● Заказ №1054

● Адыгэ щIэнхабзэ

Цыху Iэпкълъэпкъым и щэхухэр

Цыху Iэпкълъэпкъым нэхъ телъыджэ щIыуэпсым къигъэщIакъым. Абы и лъынтхуэ километр бжыгъэхэр зэхэмыззрыхьу зэрылажьэр, псантхуэхэм кьалэну ягъэзащIэр, лъым зэрызигъэкъэбзэжьмрэ вирусхэм зэрезауэрэ умыгъэщIэгъуэн пльэкIыркъым. Къыхэгъэщыпхъэщ цыхум и щхьэкуцIым ихъумэф информацэм хуэдиз зезыгъакIуэ компьютер нобэр къыздэсым къызэрамыгъэщIифари. ЩхьэкIуцIым и зэфIэкI псом щыщу проценти 5 фIэкI цIыхум къызэримыгъэсэбэпыр къэплъытэмэ, ущIоупщIэ: сыт хуэдизт цIыхум лъэкIынур, абы и щхьэр проценти 100-кIэ лажьэу щытатэмэ?

IэпкъЛъэпкъым пкъыгъуэу пкъыгъым кьалэн цIыхьэуэ ягъэзащIэ. Абыхэм языхэзым ныкъуСаныгъэ къыпльыкъуэкIмэ, ар Iэпкълъэпкъ псом йофыкI, цIыхур сымаджэ мэхъу.

Цыху Iэпкълъэпкъым и зыхэпльыкIэр сыт хуэдизу гугъуу щымытами, ар къызытехъукIыжыр зы налъэ (клеткэ) закъуэщ - йицеклеткэм. Йицеклеткэм и кугъуэм щызэхэхуса информацэращ зыхуэныкъуэр, микроскопкIэ фIэкIа кьыпхуэмылъагъу зы налъэ цIыкIум цIыху хьэзыр къыхэхъукIын папщIэ. ЦIыхубзым зэрыуэндэгъур иджыри къимыщIэ щыкIэ, махуэ 31 - 32 фIэкI иримыкъуа ныбэрыпльым и псантхуэр хьэзыр мэхъу, и щхьэкуцIым лэжьэн щIедзэ. Абдеж щыщIэдзауэ, цIыхур дунейм ехыжьху, сыт щIэмэи, сыт жиIэми, Iэпкълъэпкъыр зезыгъакIуэри, уэзыр зыхезыгъащIэри, зыгъэбауэри, зыгъэпсэури и щхьэкуцIыр аращ.

Анатомиемэ щхьэхуэ-щхьэхуэу едж Iэпкълъэпкъыр: къупщхьэпльапщхьэр, псантхуэр, лъынтхуэр, ныбэм илъ пыкъыгъуэхэр, лым я ухуэкIэр. Дэри абыхэм зэхэгъэщхьэхуКIауэ дриплъэнщ.

Къупщхьэлъапщхьэм и зэхэлъыкIэр

ЦIыхум и къупщхьэлъапщхьэм лыри, щIыфэри, лъынтхуэхэри ешэкIащ, абы Iэпкълъэпкъыр захуэу еIыгъ, зэрегъакIуэ икIи кIуэцIфащIым и «хъумакIуэщ». Сабий къалъхуагъащIэм къупщхьэ 270-рэ иIэщ, ауэ цIыхур балигъыпIэ щиувэм ирихьалIэу и къупщхьэлъапщхьэр пкъыгъуэ 205 - 207-рэ ирикъужу аращ - яэныныкъуэ къупщхьэхэр зэпокIэж. Псалъэм папщIэ, щхьэ къупщхьэр, шхужьыр, тхым щыщ IупщIэ зыбжанэ, нэгъуэщIэри. Къупщхьэхэр псори хуэрэ псантхуэкIэ зэпыщIауэ зэрощIэ. ГъэщIэгъуэныракъэ, щхьэ къупщхьэр пкъыгъуэ 23-уэ зэпхэрылъщ, тхыр - 32 - 34-уэ, дзажэмрэ бгъэгумрэ - 25-уэ, Iэр - 64-уэ, лъакъуэр - 62-уэ.

Къэпщытэныгъэхэм кьыззрагъэлъэгъуамкIэ, къупщхьэхэр налъэ-налъэу зэпхэрылъщ, я зэхуакум дэт ткIуаткIуэм зригъэбыдылIэу. Къупщхьэм йокIуалIэ эндост, хьыщт, лъынтхуэ, псантхуэ, нэгъуэщIэхэри. Апхуэдэу, къупщхьэ гуанэхэм иIыщ лъыр къэзыгъэщIыж куцIыр. А псори зэуIу хъумэщ, къупщхьэм и кьалэнхэр щигъэзащIэр. Къишынэмыщ1ауэ, къупщхьэм хэпльщ Iэпкълъэпкъыр зыхуэныкъуэ шыгъу зэмылIэужьыгъуэхэр: кальций, калий, натрий, нэгъуэщIхэри.

Къупщхьэлъапщхьэм хеубыдэ щхьэ къупщхьэр, тхыр (мыр Iыхьэ-Iыхьэу егуэшыж: пщэгурыгъ, пщэ тхыIупщIиблыр, бгъэ тхыIупщIэ 12-р, бгы тхыIупщIитхур, кIэпкъ тхыIупщIитхур, кIапцIэ тхыIупщIиплIыр), дамэр, шхулъэр, блэгъукIэр, блыпкъыр, Iэфракlэр, Iэфракlэщlагъыр, Iэпщэ зэрытыпIэр, Iэпхъуамбэ къупщхьэхэр, Iэгу къупщхьэхэр, дзажэхэр, шхужьыр, куэпкъыр, гъуэбзиикIэр, гъуэбзиикIэ щIагъыр, пльэтхьэмпэр.

ЦIыхум и къупщхьэлъапщхьэм хьэлъэшхуэ хуэзмэчыну, лъагэ гуэрым кьельэмэ, мыкъуэтэну быдзу кьигъэщIащ. Псалъэм папщIэ, куэпкъым и зы сантиметр зэбгъуэзнатIэм хуэззу тонн 58-рэ ешэч! Абы кьыдэкIуэу, Iэпкълъэпкъым къупщхьэу илъым и хьэльагъыр килограмми 9 ирикъуу аращ. КьыхэгъэщIапхъэщ ныбэрыпльр мазищ щрикъум ирихьэлIэу иIэщ ивщыхьэкIэ дызытепсэлыхьа къупщхьэ 270-р зэриIэр.

Къупщхьэ нэхъ ин дыдэу Iэпкълъэпкъым илъыр куэпкъыращ (сантиметр 37 - 45-рэ и кIыхьагъщ), нэхъ цIыкIу дыдэхэр (сантиметр 0,5 мэхъу дэтхэнэ) тхьэкIумэкIуэщIым илъщ, тхьэкIумэIупсым и щIыбагъ къыдэлъыу.

ЦIыхум и лъагагъыр зэлъытар и къупщхьэхэм я инагъ-цIыкIуагъращ. Ауэ ар лъагэ хъунуми, цIыкIуу къэнэнуми зэпхыжар Iэпкълъэпкъым къыщекIуэкI химическэ реакцэхэмрэ гормонхэмрэщ. Гормонхэр къыщынэхуж эндокриннэ системэр тэмэму мылажьэмэ, цIыхур къэзылъхуа адэ-анэм я теплъэм емылъытауэ, е лъагэIуэу, е цIыкIуущу кьэнэнкIэ хъунущ. Нобэр кьыздэсым цIыху нэхъ лъагэ дыдэу кьалъытэр США-м изыбыдэ Иллинойс штатым 1918 гъэм кьыщалъхуа Першинг Уодлоу Робертщ. Абы и ныбжьыр илъэс 22-рэ щрикъум ирихьалIэу метри 2-рэ сантиметр 74-рэ и лъагагъэт. Дунейм тета «цIыкIужьейхэм» я нэхъ лъахъшэ дыдэр 1863 - 1889 гъэхэм псэуа, Мексикэм щIыбагъ Зарате Лючиещ. Пщащэр илъэс 17 щрикъуам килограмми 2,9-рэ хъурт, сантиметр 66-рэ и лъагагът. ЗэрыжаIэмкIэ, хъыджэбзыр илъэс 20 щрикъум ирихьалIэу нэхъ пшэр хъурт - килограмми 5,9-рэ ирикъурт.

КIуэцIыр зэрыуэзым, щIыфэр къызэрилъэлъым хуэдэу, ди къупщхьэхэри «сымаджэ» мэхъу зыхуэныкъуэ витаминхэмрэ химие пкъыгъуэхэмрэ ямыгъуэтмэ. Псалъэм папщIэ, джэдыкIэ кугъуэ, шэ, дыгъэнсыр кьыззэмэщIкI цIыхум витамин D хуэчэмщи, и къупщхьэхэр махэ, кьуаншэ мэхъу, къопщIантIэ, армырми кьемэщIкI кальцийр Iэпкълъэпкъым кьрелъэсыкI. Нэхъапэм рахитыр (аращ зэреджэр а узым) узыфэ мыхьужу кьалъытэрт, ауэ ар къызыхэкIыр кьахута нэужь, зэфыкIэмэ я бжыгъэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

ЩхьэкъупщхьэР, зэрыжьытIащи, нэхъапэIуэкIэ зыбжанэу зэхэлъауэ, зэгуэкIэжа къупщхьащ. Аращи, кьыхагъэщхьэхуКI щхьэкупщIапщIэ къупщхьэр, натIэ къупщхьэр, нэхэрыхъэр, нэпкъыр, нэжьгъыр, жьэ пхъэбгъур, жьэпкъыр. КIэщIу жьипIэмэ, цIыху щхьэ къупщхьэр Iыхьэ 28-уэ зэхэлъщ икIи абыхэм я зэпылъыпIэхэр Iэпхъуамбэкlэ къыпхуэгъуэтынущ, утеIэбэмэ.

Щхьэм дыркъуэ игъуэтыныр псом нэхърэ нэхъ шынагъуэщ, сыту жьипIэмэ, Iэпкълъэпкъ псор зезыгъэкIуэж, псантхуэхэр зэкIуэлIэж щхьэхуЦIыр абы илъщ. Ауэ щхьэ къупщхьэм иIэщ зэфIэкI телъыджэ, цIыхур щхьэкIэ техуа нэужь, зэрытехуа щIыпIэм хэпль къупщхьэм удыныр щабэ ищIыфу, адрей къупщхьэхэм лъимыгъэIэсу, я зэпылъыпIэм деж кьыщыззэтригъэувыIэу. Щхьэ къупщхьэр зы къупщхьэ хъурей закъуэу щытатэмэ, джэдыкIэр зэрыкъутэм хуэдэу, зэгуэпкIынут.

Футбол, бокс, зэбэнхэм деплъыну тфIэфIщ, езы спортсменхэми я гъащIэр нэгъуэщIу я нэгу кьахущIэгъэхьэркъым. Арами, ахэр щыгъуаззщ я Iэщlагъэм фIы кьызэрипэмыкIуэнур, я щхьэм игъуэт дыркъуэм, гува-щIэхами, зыкъызэзрыригъэщIэнур. Спортсменхэр щхьэкIэ техуа нэужь, чэф яIэм хуэдэу, къапсэлъыр зэхэщIыкIыгъуейуэ, псори яфIызэхэзэрыхьу мэхъу.

Нэхъ гъэщIэгъуэныжу зэхэлъщ цIыхум и тхыр. Тхыр къупщхьэ 33-рэ ирокъу. Абыхэм зэреджэр тхыIупщIэщ. Щхьэ къупщхьэ лъабжьэм къыкIэщIэт тхыIупщIитIыр - пщэгурыгъыр - адрейхэм ещхькъым. Япэм зэреджэр атлантщ. Абы щхьэр зэриригъэм къыхэкIыу, пасэрей цIыхухуэхэм я цIэр фIащащ. ЕтIуанэм щхьэмрэ пщэмрэ зэпещIэ икIи цIыхум и щхьэр зэригъэкIэрэхъуфыр, зэригъэсысыфыр абы и фIыгъэщ. ТхыцIэм кьыхокI бгъэм илъ пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр (тхьэмбылымрэ гумрэ) зыхъумэ дзажэхэр. Адэкlэ, цIыхур зезыгъакIуэ щхужьымрэ куэпкъымрэ тхыцIэм и лъабжьэм кьыпоувэ.

Я зыныкъуэ цIыхухэм я тхыцIэр апхуэдизкIэ лантIэщи, щIыбкIэ зрагъэзыхьыурэ, я щхьэр я лъакъуэ зэхуакумкIэ кьыдагъэпльыжьыф, тхыцIэм зыкIи зэран хуэмыхъуэ. КьыхэгъэщIапхъэщи, дэтхэнэ зыми хуэзэфIэкIынущ ар, цIыкIу щIыкIэ щIадзэу хурагъэсамэ. Апхуэдэ зыгъэззэкIэм ухуэмыхьэзыру зупщытмэ, уи тхыр зэпищIыкIынурэ Iэрызэхьэу укъэнэнущ. Сыт щхьэкIэ жьипIэмэ, тхыцIэм и кIыхьагъкIэ зыщызыкуКъудия куцIым игъуэта дыркъуэр пхуэгъэззэкIуэжынукъым, ныкъуэдыкъуэ хъуами и Iэпкълъэпкъыр зыхимыщIэжу, Iэкlэ зэрахьэу псэунущ.

ТIурытIурэ 12 мэхъу цIыхум и дзажэхэр. Ахэр псори бгъэгум дежь щыззэхохьэж, и лъабжьэ дыдэм кьыкIэщIэтым кьищынэмыщIауэ. Абы кьыхэхIыу, а тIум дзажэнэпцIкIэ йоджэ. ЦIыхур щыбауэкIэ дзажэхэри мэхъей.

Анатомием IупщIу зэхгъэщхьэхукI цIыхухъу шхужьымрэ цIыхубз шхужьымрэ. ЦIыхубзыр лъхуэным кьыззрыхуигъэщIам кьызэкIыу, и шхужь къупщхьэр нэхъ бгъэщэ, щабэщ, сабийм и щхьэр хуиту къикIыфын хуэдэу. ЦIыхухъум и шхужьыр нэхъ Iуэзэщ, къупщхьэри нэхъ быдэщ. Ауэ, сыт хуэдизу къупщхьэр быдзу щытми, дыркъуэшхуэ ягъуэта нэужь, ахэр мэкъутэ. Апхуэдэхэм деж къупщхьэ къутар гипскIэ зэщIашхэри зэпокIэж. Ауэ ар сэбэп щымыIэхуи щыIэщ. ИтIанэ дохутырхэм лыр зэгуагъэжри, къупщхьэр зэхуахьэсыж, шурупрэ пластинэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэрагъэубыдыж икIи, гъэщIэгъуэныракIэ, зэпокIэж.

ЛыпцIэм и ухуэкIэр

Пэжщ, Iэпкълъэпкъыр зыIыгъыр къупщхьэращ, ауэ ар езыр-езыру зэфIэтыфынутэкъым лыпцIэ ешэкIауэ, хуэмрэ псантхуэхэмрэ къупщхьэр ямыунэтIу щытатэмэ. Къупщхьэхэми хуэдэу, лыпцIэри Iыхьэ-Iыхьэу зэхедз, икIи абыхэм я бжыгъэр 600-м щхьэпрокI. Яэныныкъуэ лыпцIэхэм (псалъэм папщIэ, Iэпщэм е куэм) я лэжьэкIэр тлъагъуу, зыхэтщIэу щытми, дыззриIэр дымыщIэххэу лыпцIэ куэд дыдэ кIуэцIми илъщ. Апхуэдэу, лыпцIэ щхьэхуэщ гури, лъатэри, бгъэмрэ ныбэмрэ я зэхуаку дэлъ, цIыхум и тхьэмбылыр зыгъэлажьэ диафрагмэри, нэгъуэщIхэри.

ЛыпцIэр налъэ кIыхьырэ зэхэлъщ, язынныкъуэхэр къупщхьэм ешэкIыпащ, адрейхэр хуэкIэ къупщхьэм епхащ. ЦIыхум нэхъыбэрэ кьигъэсэбэп лыпцIэхэр нэхъ ин мэхъу. Псалъэм папщIэ, хьащикIухьклэ и лъэнкIапIэм, куэм, пхэщIыщхьэм нэхъ трекъуэзри, ахэр нэхъ инщ. Апхуэдэщ Iуэху щищIэкIэ, щIыIэбжкIэ къигъэсэбэп Iэпщэри. ЦIыхум и хьэгъаблым и Iыхьэ щанэр зыубыдыр дызытепсэлъыхь лыпцIэхэращ.

Къупщхьэхэми хуэдэу, лыпцIэ Iыхьэ къэс кьалэн щхьэхуэ егъэзащIэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, нэщIащэм кьекIуэкI лыпцIэм напIэр зэтрепIэ, зэтрехьж, натIэм телъым уи напщIэр дрешей, Iэпщэм телъым Iэфракlэ къупщхьэр егъэлажьэ, ныбэм телъ лыпцIэм цIыхум и пкъым зэрегъэзащ, куафэм телъым лэгуажьэр зэфIегъауэ, гъуэбзиикIэм телъым лъэтхьэмпэр зэрегъакIуэ, лъэнкIапIэм лъэдакъэр къеIэт, пщэм хэпльм щхьэр егъэкIэрахъуэ. Спортым хэтхэм нэхъыбэрэ ягъэлажьэ лыпцIэм елъытауэ я теплъэми зехъуэж.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лыпцIэм кьалэныщхуэ егъэзащIэ. Абы и мыхьэнэр нахуэ тщыхъун папщIэ, мыпхуэдэ щапхъэ къэтхьынщ. ЦIыхур лъагэ гуэрым кьехуэхрэ и тхыцIэр зэтриихуарэ, сэ хигъэIэбэну хуэмейм, тхьэцIэ ехым и бгъуитIымкIэ кьепха лыпцIэр игъэлажьэурэ, ткIий ищIа нэужь, тхьцIэ зэтекIар абы и пIэм ирегъэувэж. Абы зэреджэр «лыпцIэ куэнщIыбэщ».

ЦIыхум и Iэпкълъэпкъым лыпцIэ нэхъ ин дыдэу илъыр и пхэщIыщхьэрщ, нэхъ лъэщыр и гур аращ.

Дэтхэнэми ищIыхуу кьэщIэкIынущ хуэш жьхуаIэр. ЦIыхум куэдрэ Iуэху ищIэмэ е спортым зыдригъэхьэхрэ лыпцIэр зэпымычу лажьэмэ, ар ешэщIри, зыри сэбэп мыхьуу, лыпцIэр кьимыутIыпщыжу щIешэ. Абы зэреджэр хуэшщ. Апхуэдэхэм деж щIиша лыпцIэм хуэзэу мастэ хаIури, псынщIэу кьеутIыпщыж.

Лъынтхуэхэм я лэжьэкIэр

Iэпкълъэпкъым апхуэдизкIэ лъынтхуэ куэд хэлъщи, ахэр псори зэпыпщIэрэ кьыупщатэмэ, и кIыхьагъыр километр 96500-рэ ирикъунут. Ар ЩIы экваторым и кIыхьагъым нэхърэ тIыкIэ нэхъыбэщ! ЦIыхум лъыуэ щIэтым - литри 5 - зы дакъикъэм къриубыдэу Iэпкълъэпкъыр кьызэкекIуэх, гум къриухуэкIыр. Гум кьикIа нэужь, лъыр лъынтхуэшхуэхэм ирожэ зы меданым сантиметр 40 икIу. Лъэпхъуамбэхэмрэ Iэпхъуамбэхэмрэ хэлъ лъынтхуэ псыгъуэ цIыкIухэм кьыщысчи ирихьалIэу сантиметр 0,05-рэ меданым кьичу нэхъ хуэм зещI лъым.

Лъым кьыщицIухьклэ лъынтхуэм зэрытрикъуэзм давлензкIэ йоджэ. Псыр зэрызекIуэ бжьамийм и кIуэцIымкIэ кьигъэлажьэурэ махэ зэрыхъум, зэрызэгуитхъым хуэдэу, лъымы лъынтхуэхэр егъэлажьэ. Гур псынщIэIуэу кьеуэурэ, лъыр уэру кьрихуэкIмэ, лъынтхуэхэми кьатохьэлъэри, цIыхум и «давленэр докIуей». ЦIыху узыншэм и давленэр, псалъэм папщIэ, 120/80-щ жаIэ. Ар куэдым дощIэ. Ауэ сыт абы кьикIыр? 120-р гум лъыр кьыщиутIыпщкIэ лъынтхуэм къызэрытехьэлъэращ, 80-р нэщI хъуа гум лъыр зэрилъэдэж къарущ.

Лъыр гъэщIэгъуэну зэхэлъщ. Абы хеубыдэ плазмэ, тромбоцит, лейкоцит, эритроцит жыхуэтIэхэр, нэгъуэщIхэри. Лым и къэнэн нэхъыщхьэр - цIыхум шхыным, псым, хьэуам зэмылIэужьыгъуэхэмрэебэныныщ. ХущхъуэнщIэу зегъэжьэбзэжьыф лъым. Апхуэдэу, лейкоцитхэм Iэпкълъэпкъым къеуэлIа узымрэ вирусхэмрэ е «хэлыкIа» клеткэхэр къауэхъуреихьри, «йозауэ, яшх». Иужьк1э ар гъутхэпсым хэлъу Iэпкълъэпкъым къыпкърокIыж. Апхуэдэхэм деж цIыхум пльыржьэр мэхъу. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, лъыр узым ебэну аращ, температурэр дэкIуеящ.

Лым и сыт хуэдэ пкъыгъуэми кьалэн щхьэхуэ ягъэзащIэ: эритроцитхэм кислородыр кърахьэкI, лейкоцитхэм микробхэмрэ вирусхэмрэ яукI, цIыхум лъы щIэкIмэ, тромбоцитхэр уIэгъэм деж щызэхуосри, лъыр къагъэувыIэ, плазмэм къэуатыр Iэпкълъэпкъым лъегъэIэс. ИкIэм-икIэжьм дакъикъитху къэс лъыр жьэжьейхэм ягъэхъэбзэжь.

Къапщтэмэ, лъыр куэдрэ псэукъым. Эритроцитхэр мазиплI, тромбоцитхэр махуи 10, лейкоцитхэр махуи 6 - 9 къэс мэкIуэдыж. Дэнэ-тIэ, лъыр кьызидкIыр апхуэдэу щыхъукIэ?! НэхъапэлъэкIэ кьызэрыхэдгъэщащи, лъыр кьыщыцунэхур къупщхьэ гъуанэхэм иIэ куцIырщ. Сабий кьалъхуагъащIэхэм кьупщхьэу хэлъым лъы кьабзэ кьагъэщI, балигъым и купщхьэшхуэхэращ лъыр кьыщыуэнэхур.

ЦIыхур сымаджэ щыхъуам деж анализ ирагъэт. Абы папщIэ, Iэпэм, Iэблэм лъы кьыхаш. Дэ я псори лейуэ кьыпщохьу, ауэ лъым и зэхэлъыкIэм теухуауэ дохутырым кьыхуэхуэтэнущ сымаджэм кьефыкIыр.

ЦIыIэщ хущхъуэкIэ яхуэмыгъэхъуж узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэм деж цIыхум и лъыр зэрыщцIыкIэ яхъуэжькIи хуей мэхъу.

Гупиплу ягъэш лъыр - 1, 2, 3, 4-нэ жиIэу. Я зынныкъуэ гупхэр зэхозагъэ, я зынныкъуэхэр къыпхакIэну шынагъуэщ. ЦIыхум емызэгъ гупым щыщ лъы хакIэмэ, лIэнущ.

КIуэцIфэцIым и зэхэлъыкIэр

Пэ кIуэцIым къыщыщIэдзауэ, куэтэным деж щиучыжу цIыхум пкърыль пкъыгъуэхэм кIуэцIфэцIкIэ уеджэ хуэнущ. КъедбжэкIынщ ахэр: бзэгу, пэ кIуэцI, тэмакъ, тэмакъыщIэ, къурмэкъей, тхьэмбыл, гу, бгъэлыщI, ныбэлыщI, тхьэмщIыгъу, шхалъэ, зэз, лъатэщIыбэ шхынгъэткIу (хьэбзэгупэ), жьэжьейхэр, чэ, гъутхьэпсылъэ, лъхуадэхэр, лъхуалъэ, кIэтIий гъум, кIэтIий псыгъуэ, куэтэн.

Машинэм гъэсынпхъэ имыту зэрызэщIэмынэм хуэдэу, цIыхум и Iэпкълъэпкъыр зекIуэн, лэжьэн папщIэ, шхэн хуейщ. Лым хуэдэуи, а шхыныр гъэткIыныр, къуэатыр, хьэуар Iэпкълъэпкъым игъэшэныщ кIуэцIфэцIым и кьалэн нэхъыщхьэр.

ЦIыхур ерыскъыншIэу мазэ, псы емыфэу махуищ псэуфынущ. Ауэ мыбдаэу дакъикъэ зыбжанэ хуэшэчыныращ. ЖьэкIэ е пэкIэ цIыхум жьэдишэ хьэуар къурмэкъеймкIэ йохри, бгъэлыщIыр тIууэ щызэхэкIыж бем тхьэмбыл ижьымрэ сэмэгумрэ зреугъашэ. Тхьэмбылым хэлъ лъынтхуэ псыгъуэ цIыкIухэм хьэуам кислородыр къыхахри, Iубахъэм щIыгъуу гъэзэ хуабэрэ углекислоту газымрэ къыжьэдокIыж.

Тхьэмбылымрэ гумрэ адрей пкъыгъуэхэм щыщ зэран къахуэмыхъун, къищынэмыщIауэ, цIыхур щыбдаэкIэ кьыдэIэпыкъун папщIэ, абыхэм ныбэлыщIыр къыкIэщIэтщ.

Дауи, хьэуам сабэ, фIей куэд хэлъщ, ауэ а псори тхьэмбылым нэсыркъым - пэ кIуэцIымрэ тэмакъымрэ щызэхуеХьэри, дыкъыщепскIэ е дыщыпсэкIэ къыпткърокIыж.

ЦIыхухэр е псэущхьэхэр ешамэ, зэшмэ, я жеин къакIуэмэ, я бзуэкIэми зехъуэж, нэхъ хуэм зещI. Апхуэдэхэм деж лым хэт кислородыр нэхъ мащIэ, углекислэ газыр нэхъыбэ мэхъу. Аращи, цIыхур мэхущхьэ - Iэпкълъэпкъым кислородыр куэду лъысын папщIэ.

Шхныр къурмэкъейм еха нэужь, лъатэм (шхалъэм) кьыщохутэ. Шхалъэм илъ кислородымрэ ферментхэмрэ ерыскъыр ягъэткIури, кIэтIий псыгъуэмкIэ ягъэкIуатэ. Абдеж белокыр, углеводыр, дагъэр, витаминхэр, шыгъухэр кIэтIийм щызэщIефри, Iэпкълъэпкъым ирегушэ, лъым хэту. КIэтIийр зэпымычу мэлажьэ. Ауэрэ, «гъэсынпхъэм» хэт псыр кIэтIий гъумым зыщIеф, абы кьыщыхута нэужь. Iэпкълъэпкъыр зыхуеину псори шхыным кьыхиха нэужь, кьэнэжыр куэтэным йохри, кьыдохьыж.

А Iуэхум кьелэхащ лъатэщIыб шхынгъэткIури, тхьэмщыгъури, зэзри. Шхалъэм и щIыбагъ кьыдалъ шхынгъэткIум и фIащыгъэцIэм къызэригъэлъагъуэщи, и кьалэн нэхъыщхьэр шхыныр зыгъэткIу ткIуаткIуэмрэ инсулинымрэ кьигъэщIынырщ. Тхьэмщыгъум лэжьыгъэшхуэ ягъэзащIэ, ауэ абы и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ кIэтIий псыгъуэм кьикIыу гум кIуэ лъыр игъэхъэбзэныр. Ерыскъым е псым хэлъу Iэпкълъэпкъым щхъуэ лъэIэсамэ, ар кьэзэгъэувыIэр тхьэмщыгъур аращ. КьищынэмыщIауэ, мы пкъыгъуэм щызэхуэхьэсащ витамин куэди. Iэпкълъэпкъыр зыхуэныкъуэ витамин лIэужьыгъуэмрэ бжьыгъэмрэ и чэзум кьеутIыпщ. Абы кьепхащ зэзри - кIэтIий псыгъуэм кьыщыхута дагъэр зыгъэткIу ткIуаткIуэр щызэхуэхьэса «чысэр». ЦIыхум и зэзыр кьрахми эзранкъым, сыту жьипIэмэ, абы ит ткIуаткIуэр кьэзыгъэщIыжьыр тхьэмщIыгъур аращ.

ЦIыхум и Iэштымым хуэдиз мэхъу и жьэжьейри. Абыхэм я кьалэн нэхъыщхьэр - лъыр язу, Iей кьыхагъэхъэбзыкIамрэ шыгъумрэ гъутхьэпсым хэлъу цIыхум кьыдэгъэхьныращ.

Чэр цIыхум и сэмэгурабгъу джабэмкIэ щыIэщ. Ныбэрылым ар кьызэригъэсэбэпымрэ балигым и Iэпкълъэпкъым щигъэзащIэ кьалэнхэмрэ зыкъым. Ныбэрылъым и чэм и кьалэн нэхъыщхьэр куцIым щIыгъуу лъы къэгъэщIынырщ. ЦIыху балигъым и чэм лъыр егъэкIабзэ: сэбэп мыхъужыну эритроцитхэмрэ бактериехэмрэ кьыхеэзыкI. Мыбдеж жьIапхъэщ, цIыху балигъым и чэр имыIэжу зэрыпсэуфынур. Абы игъэзащIэу щыта кьалэнэр занщIэу и пщэ делъхьэ лимфэ системэм.

Псантхуэхэм я лэжьэкIэр

Iэпкълъэпкъыр зезыгъакIуэ къупщхьэхэмрэ лыпцIэхэмрэ зэпызыщIэжри, цIыхум узыр зыхезыгъащIри, зыгъэбауэри, зыгъэпсалъэри щхьэкIуцIым екIуэлIэж псантхуэхэращ. Псантхуэхэр пкъыгъуэщ зэхэлъщ: щхьэкуцIыр, тхыцIэм илъ куцIыр, Iэпкълъэпкъ псом игъэша кьуэпсхэр. Абыхэм я лэжьэкIэр кьыбгурыIуэн папщIэ, мыпхуэдэщапхъэ кьэтхьынщ. ЦIыхум топ кьыщыхуэдэкIэ, ар кьызэрыльатэм, кьыщыщынэу зэманым, кьызэрыбубыдыну щыкIэм егупсысыну зэман иIэкъым. Аращи, нэм топыр кьиIэгъуэ нэужь, псантхуэхэм щхьэкуцIым хъыбар ирагъащIэ ар кьызэрыльатэмкIэ. ЩхьэкуцIым лыпцIэхэм унафэ кьахуещI топыр Iэм кьригъэубыдыну, е цIыхур IуигъэкIуэтыну, е топым еуэжыну. Ар цIыхум кьыдальхуа зэфIэкIщ.

Я зынныкъуэхэр щIоупщIэ: «Щхьэуэ хущхъуэ уефа нэужь, дауэ абы узыр зэригъэувыIэр, узыр здэщыIэр кьызэрищIэр?» - жаIэри. Ар кьыбгурыIуэн папщIэ, мыбдеж щхьэгъэщIапхъэщ эндокриннэ системэм игъэзащIэ кьалэныр. ЦIыхум нэщхьеягъуэ е гуфIэгъуэ гуэр щилъэгъуакIэ, зыгъэгуфIэри, зыгъэнэщхьейри, зыгъэгушхуэри, и гур хэзыгъэщIри, кIэщIу жьипIэмэ и гурыщIэхэмкIэ жэуап зыхьыр эндокриннэ системэращ. Аращ икIи зыгуэр зэрыуэзыр псантхуэхэм кьезыгъащIэр. ЦIыхэр щыуэм деж Iэпкълъэпкъым и эндокриннэ системэм гормон кьегъэщI. А гормоныр псантхуэхэм пльэIэсри, щхьэкуцIым хъыбар ирегъащIэ Iэпкълъэпкъым ныкъуСанигъэ зэрыщыIэр, зыгуэр зэрыуэзмкIэ. Щхьэуэ хущхъуэм хэльщ дызытепсэлъыхь «хъыбарегъащIэ» гормоныр зыгъэужьыкIыр пкъыгъуэ. А гормонхэр мыхъуатэмэ, узыр зэи зыхэтщIэнутэкъым.

ЦIыхум и гур къэувыIа нэужь, ар лIауэ ябж. Ауэ кьыхэзгъэщIапхъэщ, цIыхум и гур къэувыIа нэужь, щхьэкуцIыр иджыри сыхьэт бжыгъэкIэ зэрипсэуфынур. Абы кьыхэкIыу, дохутырхэм цIыхур лIауэ кьыщалъытэр и щхьэкуцIым импульс къимытыжмэщ.

Цыхур щхьэ лIэрэ?

Уэзыр е жьыгъэр кьызытекIуа цIыхум и Iэпкълъэпкъыр махэ мэхъу: кислородыр лъымрэ щхьэкуцIымрэ нэзыгъэс пкъыгъуэхэр я кьалэным пэлъэщыжьыркъым, абы кьыхэкIыу лъыр хуэм мэхъу, зыхуэгъэхьэзэжьыкъым. КьыкIэлъыкIуэу Iэпкълъэпкъыр зэрызэхэлъ налъэхэр хуэм-хуэмурэ «малIэри», цIыхур кьарууншэ мэхъу, и Iэпкълъэпкъым илъ пкъыгъуэхэр чэзучэзукIэ, иужьу и гумрэ щхьэкуцIымрэ кьыззтоувыIэ.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, щIым хэлъ, Менделеевым и таблицэм ит элементхэр зы къэмынэу цIыху Iэпкълъэпкъым, куэдмимащIэми, пкъырылъщ. Ар и щхьэту кьыщIэкIынщ цIыхур щIым, щIыуэпсым кьызэрыхэкIам. Ауэ нэгъуэщIу укъеплъ хъунущ а къэхутэныгъэм... ЦIыхум и тхыдэр илъэс мелуан бжыгъэ ирокъу, а зэманми кьриубыдэу хьэдэ мелард бжыгъэхэри щIым щIалъэхэжащ. ГъэщIэгъэну пIэрэ-тIэ щIым щIэкIуэдыхьыхьакъэм кьащIэна сабэм химие пкъыгъуэхэр кьызэрыкагъуатэр?! Абы кьигъэльагъуэр щIым щIэлъыр зэрынэхьбэр ар кьудейщ.

ФЫРЭ Анфисэ.